



Pou Piblikasyon Imedya: 19/02/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**ESTIMILE INOVASYON: GOUVÈNÈ HOCHUL AK SENATÈ SCHUMER ANONSE 65  
MILYON DOLA EKSPANSYON KONPAYI INOVASYON BATRI PWOCHÈN  
JENERASYON BAE SYSTEMS NAN SOUTHERN TIER**

*BAE Systems pran angajman pou kreye plis pase 130 novo djòb ki byen peye  
nan lokal Vilaj Endicott la*

*Envestisman kontinyèl Eta Nouyòk sipòte estrateji konplè rejyon Southern Tier  
pou revitalize kominate yo ak devlope ekonomi an lè yo konsantre sou solisyon  
enèji pwòp yo*

Gouvènè Kathy Hochul ak Senatè Charles Schumer te anonse jodi a ke BAE Systems ap envesti 65 milyon dola pou elaji operasyon yo nan Vilaj Endicott, Konte Broome. Konpayi an pral ajoute yon total 13,935 m<sup>2</sup> (150,000 pye kare) nan sit ki egziste deja li a pou fè plas pou ajoute yon novo liy pwodiksyon batri ak espas laboratwa, ak novo espas biwo. Kòm rezulta ekspansyon an, konpayi a angaje pou li kreye jiska 134 anplway ki byen peye sou plas. BAE Systems se yon konpayi defans mondal, ayewospasyal ak sekirite ak apeprè 93,500 anplwaye atravè lemond. Etablisman BAE Systems nan Endicott konsevwa, devlope ak pwodui yon gwo gam sistèm elektwonik ki enpòtan pou sekirite, soti nan kòmanss vòl ak motè rive nan sistèm jesyon enèji ak pwisans. Konpayi an fonksyone sou sit Huron Campus la depi 2011.

"Desizyon BAE Systems pou elaji biznis li a reprezante yon lòt viktwa pou Eta Nouyòk ak pou Southern Tier, ki konsantre sou devni yon sant mondal pou efò inovasyon batri pwochen jenerasyon yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Depi lè mwen te antre an fonksyon, mwen te rete angaje m pou m repote travay nan Nò Eta Nouyòk. Konpayi sa a ki gen anpil siksè te chwazi pou l devlope operasyon li yo isit la, sa ki te ankouraje kreyasyon bon jan kalite djòb ki byen peye nan rejyon an paske yo te wè pèsonèlman kijan Nouyòkè yo travay di."

**Senatè Charles Schumer te deklare**, "BAE Systems ap ajoute plis pase 130 djòb ki byen peye isit la nan Southern Tier pou asire pwochen jenerasyon batri Etazini an genyen so 'Made in Upstate NY' (Fabrike nan Nò Eta Nouyòk). Agrandisman 65 milyon dola sa a pou ajoute yon novo liy pwodiksyon batri, laboratwa rechèch, ak biwo ede

montre kijan nou ka ramne chèn apwovizyonman sa a soti aletranje, ak Southern Tier k ap trase wout la pou asire avni fabrikasyon batri yo fabrike nan Konte Broome, pa Pekin (Beijing). BAE Systems se yon pati enpòtan nan ekonomi Southern Tier a, ak yon mendèv klas mondal ki gen plis pase 1200 moun, epi chwazi zòn sa a pou gwo ekspansyon pwodiksyon batri yo se pa aksidan. Mwen fyè de plizyè milyon sipò federal mwen te bay – atravè Plan Sekou Ameriken (American Rescue Plan, ARP) an ak Lwa sou CHIPS & Syans bilateral la – nan rejon an pou fè l tounen yon sant mondal pou rechèch batri epi prepare teren an pou anons jodi a. Jodi a BAE ap ede ajoute yon lòt bouk pou etabli rejon sa a kòm yon nwayo fabrikasyon ak inovasyon pou liy batri Etazini an."

Pwojè a enplike ekspansyon liy pwodiksyon batri BAE Systems, ki gen ladan acha ak enstalasyon machin ak ekipman pou pwodwi avèk efikasite yon sistèm estokaj enèji pou avyon elektrik/ibrid. Etablisman sa a pral gen ladan yon liy pwodiksyon otomatik dènye modèl, yon laboratwa enjenyeri, ak yon sant pyès detache, epi yo prevwa l ap fini nèt nan ane 2027.

Empire State Development ap ede pwojè a ak jiska 8.5 milyon dola nan Pwogram Kredi Enpo pou Travay Excelsior (Excelsior Jobs Tax Credit Program) a an echanj pou angajman nan kreyasyon travay. Konte Broome ap bay asistans tou pou pwojè a.

**Direktè Prensipal BAE Systems Ian, Jim Garceau, te deklare**, "Aandisman etablisman sa a ranfòse angajman nou anvè Southern Tier epi bati sou vizyon Eta Nouyòk pou kreye yon sant rejonal pou inovasyon batri. Avèk envestisman sa a, nou pral amelyore kapasite nou pou adrese bezwen nouvo jenerasyon avyon ibrid/elektrik la."

### **Estimile inovasyon batri pwochen jenerasyon**

Gouvènè Hochul ak Senatè Schumer te enpòtan anpil nan desizyon konpayi an nan travay kole ak ofisyèl konpayi yo pou asire ke pwojè a ta vanse nan rejon Southern Tier Nouyòk la ki konsantre sou sipòtè efò enèji pwochen jenerasyon yo – yon pi gwo priyrite pou gouvènè a ak senatè a.

An janve 2024, Gouvènè a ak Senatè a te anonse ke Fondasyon Nasional Syans (National Science Foundation, NSF) Etazini te nonmen Motè Estokaj New Energy New York (NENY) kòm yon Motè Inovasyon Rejyonal (Motè NSF), ki te kreye pa Lwa sou CHIPS & Syans bilateral Senatè a. Motè Estokaj NENY an, ki ankre nan Binghamton University nan rejon Southern Tier Nouyòk la, pral resevwa jiska 15 milyon dola nan finansman federal pou dezan ak jiska 160 milyon dola sou 10 ane pou etabli yon sant ki pral akselere inovasyon, tradiksyon teknoloji ak kreyasyon yon mendèv ki kalifye pou ogmante kapasite endistri batri domestik la. Atravè Empire State Development, Eta Nouyòk pral koresponn jiska 20 poustan pou senk premye ane pwojè a epi li pral bay sipò atravè pwogram yo etabli yo. Yo te chwazi Motè Estokaj NENY an pou kowalisyon atravè divès sektè li yo ki pral bati yon ekosistèm prensipal ki mennen inovasyon teknoloji batri, developman mendèv ak fabrikasyon pou sipòtè sekirite nasyonal Etazini ak konpetitivite mondal.

Schumer te batay depi lontan pou sekirize envestisman federal pou estimile fabrikasyon batri Southern Tier ak R&D. An 2021, Schumer te kreye Defi Rejyonal pou Rebati Pibyen (Build Back Better Regional Challenge) nan Plan Sekou Ameriken an ke li te mennen nan adopsyon kòm Lidè Majorite. Senatè a pèsonèlman te defann seleksyon pwopozisyon sant batri New Energy New York (NENY) ki dirije pa Inivèsite Binghamton lan, sa ki ede founi yon envestisman federal 63.7 milyon dola ak yon finansman kontrepatti 50 milyon dola nan Eta Nouyòk. An 2023, Schumer te bay tou deziyasyon prestijye Tech Hub federal la, ki te kreye tou pa Lwa sou CHIPS ak Syans bilateral la pou pwopozisyon NENY ki dirije pa Inivèsite Binghamton lan.

**Prezidan, Direktè Jeneral ak Komisè Empire State Development, Hope Knight, te deklare,** "Sipò estratejik ak sible Gouvènè Hochul la ak pou konpayi enèji pwòp pwochen jenerasyon yo akselere prezans k ap grandi nan endistri dènye kri sa a nan Eta Nouyòk. Agrandisman BAE Systems pral kreye bon jan kalite djòb ak opòtinite nan Southern Tier, sa ki pral avanse lidèchip rejon an nan inovasyon teknoloji batri."

### Ajanda Klimatik Eta Nouyòk

Ajanda klimatik Eta Nouyòk egzije yon tranzisyon ki bon mache epi ki jis vè yon ekonomi enèji pwòp ki kreye djòb ki soutni fanmi, fè pwomosyon kwasans ekonomik atravè envestisman ekolojik, epi dirije yon minimòm 35 poustan nan benefis yo bay fanmi ki defavorize yo. Nouyòk ap pouse yon seri efò pou kreye yon ekonomi a zewo emisyon vè 2050, ki enkli nan sektè enèji, konstriksyon, transpò, ak dechè.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Enèji Nouyòk la, Justin E. Driscoll te deklare,** "BAE Systems te yon gwo motè kwasans ekonomik nan Konte Broome, epi mwen felisite yo pou nouvo ekspansyon 65 milyon dola yo a. Gras ak envèstisman estratejik Gouvènè Hochul ak Senatè Schumer, Nouyòk te vin tounen yon bank esè pou inovasyon estokaj batri, epi NYPA pral kontinye sipòte konpayi tankou BAE Systems k ap devlope teknoloji dènye kri epi ankouraje kwasans ekonomik ak kouran ki rantab."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Developman Enèji Eta Nouyòk la, Doreen M. Harris, te deklare,** "Avèk envestisman sa a nan teknoloji batri pwochen jenerasyon nan lokal Konte Broome lan, BAE Systems ap sipòte djòb lokal yo epi ranfòse chèn apwovizyonman enèji pwòp eta a, pou asire Nouyòk kontinye trase chemen an nan inovasyon ak opòtinite ekonomik an tèm teknoloji pwòp. Ekspansyon an pral avanse tou transpò pwòp nan endistriavyasyon an epi sipòte efò NYSERDA nan rechèch, developman, ak demonstrasyon nouvo teknoloji nan sektè estokaj enèji a."

**Senatè Eta Lea Webb, te deklare,** "Li enteresan pou wè BAE Systems elaji operasyon inovasyon batri pwochen jenerasyon li yo isit la nan Southern Tier, sa k ap pote jiska 134 nouvo anplwa nan Vilaj Endicott. Envestisman sa a ranfòse wòl rejon nou an kòm yon lidè nan teknoloji enèji pwòp ak fabrikasyon avanse. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou angajman li pou devlope ekonomi lokal nou an ak tout moun ki te fè agrandisman sa a posib. Envestisman sa a non sèlman kreye nouvo opòtinite pou travayè yo, men tou li ranfòse lidèchip Nouyòk nan fiti solisyon enèji dirab yo."

**Manm Asanble Donna Lupardo te deklare**, "Plizyè ane travay di ak devouman fè zòn nou an vin yon sant deziyen pou inovasyon ak fabrikasyon batri. Agrandisman BAE pou genyen yon nouvo liy pwodiksyon batri pral etabli kominote nou an davantaj kòm yon lidè nan teknoloji enèji pwòp. Travay yo sou otobis elektrik/ibrid ak sistèm batri avyon yo eleman ki chanje règ jwèt la pou endistri a ak pou mendèv lokal nou an. Mwen ta renmen remèsyen BAE Systems pou envestisman kontinyèl y ap fè nan kominote nou an, ak Gouvènè a ak Empire State Development pou sipò kontinyèl yo nan travay enpòtan sa a."

**Chèf Egzekitif Konte Broome Jason Garnar te deklare**, "Agrandisman BAE Systems nan Endicott se yon lòt gwo viktwa pou Konte Broome, ki ranfòse wòl rejjyon nou an kòm lidè nan inovasyon batri pwochen jenerasyon pandan y ap kreye plis opòtinite travay pou kominote nou an. Mèsi Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl li anvè kwasans ekonomik nan Southern Tier ak BAE Systems paske li te chwazi agrandi isit la nan Konte Broome."

**Majistra Vilaj Endicott Ia, Nick Burlingame, te deklare**, "Desizon BAE Systems pou elaji operasyon li nan Endicott se yon temwayaj sou fòs kominote nou an, mendèv nou an, ak angajman rejjyon nou an an favè inovasyon. Envestisman sa a non sèlman ranfòse eritaj Endicott kòm yon sant pou teknoloji dènye kri, men tou li pote nouvo opòtinite pou fanmi ak biznis lokal yo. Nou fyè pou sipòte BAE Systems pandan y ap kontinye grandi ak fòme avni enèji pwòp ak inovasyon batri isit la nan vilaj nou an. Nou pa ka tann travay, enpak ekonomik, ak avansman ekspansyon sa a pral pote pou Endicott."

Pou plis enfòmasyon sou BAE Systems, vizite: <https://jobs.baesystems.com/global/en/>.

### Akselere Developman Ekonomik nan Southern Tier

Anons jodi a fè avanse Plan Estratejik Southern Tier a epi konplete estrateji "Southern Tier Soaring" nan fasilite kwasans ekonomik ak developman kominote a. Plan ki fèt nan nivo rejjyonal la konsantre sou atire yon mendèv ki plen talan, grandi biznis yo ak estimile inovasyon pwochen jenerasyon an. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la.](#)

### Enfòmasyon sou Empire State Development

Empire State Development se ajans prensipal developman ekonomik Nouyòk la, epi li ankaraje kwasans biznis, kreyasyon djòb, ak pi gwo opòtinite ekonomik atravè eta a. Ak biwo nan chak nan 10 rejjyon eta a, ESD sipèvize [Konsèy Developman Ekonomik Rejjyonal](#) yo, sipòte ekite wo debi atravè biwo ConnectALL la, epi li ap ogmante mendèv demen an atravè Biwo Developman Estratejik Mendèv.

Ajans lan angaje ak endistri k ap vini ak pwochen jenerasyon tankou enèji pwòp ak fabrikasyon semi-kondiktè k ap grandi nan Eta Nouyòk, opere yon rezo sant asistans pou ede ti biznis yo grandi ak reyisi, epi ankaraje destinasyon touris klas mondal yo atravè I LOVE NY. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite [esd.ny.gov](http://esd.ny.gov), epi konekte ak ESD sou [LinkedIn](#), [Facebook](#) and [X, ke yo te rele Twitte](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)

Eta Nouyòk | Chann Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK  
bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU